

# *BONDYE K AP IDANTIFYE*

## *TÈT LI PA KARAKTERISTIK LI YO*

 Sa te jis on jan sippenn mwen pou m wè zanmi m, Joseph Boze, la, e mwen te vire tounen epi pran yon ti tan pou ba lanmen.

<sup>2</sup> Ann ale kounye a nan Pawòl Bondye a, nan Ebre, chapit 1. Mwen vle li, yon pòsyon, vèsè 1, 2 e 3 pou jwenn yon tèks pou aswè a.

*Nan tan lontan, Bondye te mete pawòl nan bouch pwofèt yo nan divès okazyon ak divès jan pou l te ka pale ak zansèt nou yo, nan tan pase,*

*Men nan dènye jou sa yo se Ptit li a menm Bondye te voye pale ak nou nan non li, se ak Ptit sa a Bondye te kreye tout bagay, se li menm tou Bondye chwazi pou te eritye tout bagay lè sa va fini nèt;*

*Ptit sa a reflete limyè bèl pouvwa Bondye a, se bon pòtre Bondye li ye, se li menm k ap soutni tout bagay ak pouvwa pawòl li, lè li fin... li moute chita anwo nan syèl la, sou bò dwat Bondye Gran Wa a;*

<sup>3</sup> Annou bese tèt nou kounye a pou priye. E bon nan Prezans Divin Li, si w gen yon demann ke w ta renmen fè L konnen, èske w ta vle jis leve men w, e sa se demann ou an, ke Bondye va...

<sup>4</sup> Papa nou ki nan Syèl la, nou vini la devan twòn Ou, pa lafwa nan Non Jezikri, Ptit Ou. E nou te gen garanti, ke, "Si nou mande on bagay nan Non Li, sa va fèt." Epitou Ou konn dezi nou ak bezwen nou, Ou te pwomèt ke Ou t ap founi tout sa nou bezwen. Konsa, Papa, nou ta ka priye jan Ou te montre nou: "Ke Wayòm Ou vini. Ke volonté W fèt sou tè a, menm jan sa ye nan Syèl la." Pèmèt ke demann nou an, aswè a, kapab dapre disposizyon W pou bay li, e akòde nou privilèj sa yo. Wenn Pawòl la, Seyè, epi tout moun ki pral pale e ki pral koute, ke Sentespri a vini pou ke se Li ki ap akonpli Pawòl la, aswè a, pamí nou. Paske nou mande sa lan Non Li. Amèn.

Nou mèt chita.

<sup>5</sup> Demen maten, dapre sa m konprann, se dejene Omdafè Plen Levanjil yo. Dabitid, tout kote yo gen yon chapit gwoup lan, mwen gen privilèj pou pale nan moman dejene yo. Jiska preznan, se sèl òganizasyon, ki pa yon òganizasyon, men, sèl gwoup ke mwen—mwen fè pati, se Omdafè Kretyen yo. Bon m jis pale pou yo, nan tout entènasyonal la.

<sup>6</sup> Bon, aswè a, nou fè konfyans ke rasanbleman sa p ap yon tan pèdi. Mwen vin kote nou, tou fatige, ak gòj mwen pa bon ditou, e m te trape on ti bwonch, akoz . . .

<sup>7</sup> Mwen sot Tucson kote li fè vrèman bon epi lè a sèk, e m vin isit la ki vrèman imid tout bon, kifè se te toutafè kontrè. Ak tou dlo yo nou gen bò isit la, si nou te kapab voye l bò kote pa nou an, nou t ap apresye sa. Men ou pa ka fè sa, natirèlman.

<sup>8</sup> Men m ap di nou yon bagay, gen on parabòl la. Tout bagay nou yo—nou yo—nou yo an Arizona, pyebwa nou yo, yo plen ak pikan. Chak bagay gen on pikan. Se paske klima a sèk. Bon si menm forè sa te grandi bò isit la, se t ap bèl fèy toudous. Ou wè, se ratman dlo a, se pou rezon sa li vin on pikan.

<sup>9</sup> Konsa lè legliz vin gen ratman Dlo Lavi a, li vin seche pou tounen pikan, tou, ap pike epi ap frape tout bagay. Men kote dlo Lavi ap koule, li fè fèy la louvri pou rann li tand, delikat epi dou, sen e agreyab pou Bondye. Kifè ke Seyè Bondye a awoze nou, aswè a, pou nou pa tounen pikan; men ke nou ka vin fèy ki bèl pou moun rebèl yo ka chita anba lonbraj pyebwa nou pou jwenn repo pou nanmyo.

<sup>10</sup> Kounye a m vle pran tèks sa, aswè a, si Seyè a vle, e m ap jis tire ti mikwo sa pi pre posib, poutèt mankman vwa m lan. Apati de lekti a la nan Ebre 1:1, mwen vle, mwen vle pran on tèks ki rele: *Bondye K Ap Idantifye Tèt Li Pa Karakteristik Li Yo*. Pèmèt mwen repete sa ankò, paske m konnen kalite son an move isit la. Bondye idantifye Tèt Li pa karakteristik Li Yo.

<sup>11</sup> Bon, pifò bagay idantifye pa karakteristik yo. E mwen gen kèk Ekriti la ke m ta . . . pou note, ke m ta renmen pran kòm referans. Kounye a, karakteristik tout bagay idantifye sa li ye.

<sup>12</sup> Bon, menm bagay la nan tout lanati, anpil fwa, flè yo idantifye, pa karakteristik yo. Si yo pwòch ansanm, yon espès a yon lòt, karakteristik flè sa va idantifye ki flè li ye. E nan vi a leta sovaj, anpil fwa . . .

<sup>13</sup> Mwen—mwen se on chasè. Ou dwe konnen karakteristik bêt w ap chase a, ousinon pafwa ou ka twonpe w sèten. Pa egzanz, tankou Brebi nan montay Wochez yo anwo nèt nan Colombie Britanique. M te jis piba nan Yukon otòn pase a, kèk nan frè yo la te avè m, e nou t ap chase.

<sup>14</sup> Bon si w pat konn diferans lan, lè w ap swiv tras on brebi oswa on chevrèy, ou pa tap ka di l sof si w te on vrè chasè. Paske, yo te konn kite menm jan de tras; yo bondi lè y ap kouri. Epi la ou wè youn kanpe a on distans, avèk tèt li kache, enben, ou—ou apèn ka fè diferans lan. Yo apeprè menm grosè; nivo pati flan li, li blan, jis menm jan ak chevrèy la. Sa t ap trè difisil pou w di. Men kòn li idantifye karakteristik li, apati de kòn yo. Brebi a gen on kòn awondi, e chevrèy gen kòn an bwa ki soti deyò. Epitou yon lòt bagay, on chevrèy pa tap ka monte jis nan otè sa, pou al manje.

<sup>15</sup> Apre sa bouk la, tou, lè l ap mache, gen on karakteristik pou bouk la, e pou brebi a, ke w ta dwe konnen pou w ka fè diferans antre yo, lè ou byen wo ap monte, paske toulède yo rete byen wo non montay. Ou dwe konn diferans lan. Men si nou remake, on-on bouk bite limenm pandan l ap mache; alòske, on brebi depoze pye l *konsa*, lè l ap mache. Karakteristik fason li kite tras li. Ou idantifye jibye w pa karakteristik bagay l ap fè yo, ak jan l ap aji, epi ak kisa li nouri l, ak tout bagay konsa. Li idantifye tèt li pa karakteristik li. E konsa ou sote sou youn, pou ap obsève sa k ap fèt, alò ou ka di fason yo prale a. Ou ka idantifye apati de karakteristik sa pou diferant bêt.

<sup>16</sup> Konsa èske nou te janm remake, m pa konn si nou genyen yo bò isit la ou non, bruant jòn yo; enben, pik flanbwayan se bon non yo, ak zwazo yo rele jè a. Yon zwazo jè aapeprè menm grosè ak on bruant jòn. E w ap gade toude k ap vole, yo toulède se apeprè menm espès zwazo. Si w pa ka wè koulè a, fè jis obsève yo, w ap ka di kilès ki bruant jòn lan. Zwazo jè a vole, plizoumwen, an liy dwat. Men bruant jòn lan, bat zèl li; pandan l ap bat zèl li, li desann apre sa li monte, desann epi monte apre. Ou wè, li kòm fè tèt li bondi, *konsa*, e ou ka di sa se karakteristik bruant jòn lan, fason l vole a.

<sup>17</sup> Si nou remake kay la—la lè li parèt, fason li vole. Epi obsève la si ou nan yon marekaj, kote w jwenn kay la, ak yon—ak yon zwazo bekasin. Nou menm chasè yo konn sa. Bekasin ki soud la ak bekasin marekaj la, yo idantifye yo menm pa fason yo parèt la ak fason yo vole a. Yo idantifye pa karakteristik jan yo vole, ki di kijan de zwazo yo ye. Kidonk, si nou fè jis ap tandé yo, w ap kapab jis di ki espès sa ye, fason l vole, sa li ye, pa karakteristik jan li vole.

<sup>18</sup> Tankou on nonm ak on fanm. Yo toulède se èt imen, men on fanm gen karakteristik differan de on nonm. Mwen t ap li isit la, sa fè kèk tan, apwopo de Salomon ak rèn lan. M pa janm gen tan preche ti Mesaj mwen an isi a, pou nou, sou rèn nan Sid la, ki te vini pou wè Salomon, ak don disèneman sa. M t ap li sou sa, isi a sa pa fè lontan, e yo di, ke, “Youn nan kastèt ki te prezante devan Salomon, se te, rèn sa ki te pran on fanm, ou pito plizyè fanm, epi li te abiye yo tankou gason.”

<sup>19</sup> Bon, sa te etranj nan tan sa, men sa alamòd, jodi a, sèten. E—e ou konnen ke se mal. Bib la di on fanm pa ta dwe fè sa. “Se on abdominasyon pou on fanm mete rad ki fèt pou gason.” Epi Bondye ki pa chanje a di sa, kifè se vre.

<sup>20</sup> Kidonk nou jwenn ke Salomon, san l pat egzamine yo, li te fè yo mache oswa fè yon bagay, e imedyatman li te di, “Yo se fanm.” Ou wè, li te ka di pa karakteristik fanm sa, fason l te konpòte tèt li, ke li te yon fanm e pa on gason.

<sup>21</sup> Kifè pi fò bagay se konsa, avèk karateristik li. Jis tankou anpil moun goche, epi anpil sèvi ak men dwat. Se karakteristik

fason yo konpòte yo. Ou ka di si se on dwatye oswa on goche, pa fason yo konpòte tèt yo, fason yo toujou lonje men gòch sa oswa men dwat sa.

E sonje, Jezi te pale de on bagay konsa, ke . . .

<sup>22</sup> De men yo jis prèske . . . Yo se menm bagay. Yo gen menm kalite anprend nan pou, menm enprend nan dwèt, senk dwèt yo; ti dwèt la, endèks la, elatriye. Jis tankou men dwat ak men gòch gen menm jan de dwèt, nòmalman, men menm gwosè, jis egzakteman. E sèl diferans ki genyen, antre yo, sè ke youn se gòch e lòt la se dwat. Sa se sèl diferans ou ka di. Youn se gòch, lòt la se dwat.

<sup>23</sup> Kifè alò sou sa, Jezi te di . . . M te ka glise on ti pwen la. Jezi di, nan Matye 24, ke, "Karakteristik Espri yo t ap on jan sanble nan dènye jou yo, tèlman pwòch ke sa t ap sedwi menm eli a si se te posib." Ou wè, yo t ap jis . . .

<sup>24</sup> Pran men w epi jis kenbe l konsa. Ou wè, si w pa fè atansyon, youn nan yo sanble ak lòt la, nan tout sans, men youn nan yo se gòch e lòt la se dwat.

<sup>25</sup> Se fason sa espri yo ye nan dènye jou a. Yo on jan sanble, men yo gen yon karakteristik ki idantifye yo. Youn korèk, e lòt la fo, e li ka idantifye pa karakteristik li.

<sup>26</sup> Lespri Bondye kapab idantifye pa karakteristik Li. Ou wè? Lespri Bondye, epi lespri legliz. Gen on lespri legliz, e Lespri Bondye ki absoliman pa sanble ak lespri legliz, ditou.

Genyen on lespri denominasyonèl.

<sup>27</sup> Genyen on lespri nasyonal. Genyen lespri nasyon an. Chak nasyon, kan m te antre ladann, w ap pwomennen la, ou jwenn on espri differan. M te al Finland, moun de byen, men te gen on lespri Finlandè. M te desann an Almay, gen on espri Alman.

<sup>28</sup> Isit la sa pa fè lontan, m t ap mache ak madanm mwen, nou t ap viv ankò nan Indiana, kèk ane pase, laba bò ti sipèmache a. M te fèk rive lakay. Nou te gen pou n al fè pwovizyon. E sou wout mwen laba la, nou . . . se te an ete, ou ka pa kwè sa, men nou te jwenn on dam avèk on wòb sou li. E sa te tèlman etranj, mwen . . . Sa te banm on chòk. M—m te di: "Gade la, sa parèt etranj, fanm sa te gen on wòb sou li." Rès lòt yo t ap pote rad ki pat . . . ki pat fèt pou fanm. E—e li te di . . . M te di: "Ebyen, se senpleman lespri Ameriken, ou wè, lespri Amerik."

<sup>29</sup> Bon, lespri Amerik, se on . . . yo sipoze on nasyon Kretyen, men lespri nasyon sa pa Kretyen. Yo ka rele l on nasyon Kretyen, men se on milyon de mil lwen sa, nan karakteristik. Kifè, fanm sa, m te di . . .

Li te di: "Ebyen, èske nou pa Ameriken?"

<sup>30</sup> Li te di, m te di: "Non. N ap viv isit la. Se peyi nou. Nou—nou—nou rete ladann. Nou renmen l. Se pi bon nasyon nan mond

lan. Men, poutan, nou pa Ameriken.” M te di: “Nou te pran nesans soti Anwo. Sentespri a te desann, e nou fè pati de on Wayòm. Li pa nan mond sa.” M te di: “Se poutèt rezon sa ke sè nou yo pote wòb, ak cheve long, yo pa mete makiyaj. Ou wè, karakteristik pa yo idantifye yo antan ke ‘sentete pou Seyè a,’ ki sot Anwo.”

<sup>31</sup> Kidonk, n ap chache on Wayòm. N ap chache on Wa ki ap vini pou resevwa sijè Li yo nan Wayòm pa Li. E yo idantifye pa karakteristik pa yo—yo, se ke trezò yo pa sou tè sa oswa nan nasyon sa. Li anwo, nan Laglwa. Kidonk, yo menm, “Yo ap chache on Vil Ke Moun ki Achitèk li ak Konstriktè li a se Bondye.” Yo ka idantifye aklè.

<sup>32</sup> M swete m te gen ase vwa pou m ta preche nou on jou swa. Men mwen—mwen elwaye m de sijè sa. Bon, li te idantifye pa karakteristik pa l.

<sup>33</sup> Nou jwenn on bon egzanp la nan epòk Izrayèl, te vin nan latè pwomiz. E Bondye te rele yo dapre pwomès Li. Li te di Abraham ke, Li t ap... semans li ta pral retwouve l nan nasyon etranje sa, pandan katsanzan, e alò Li ta pral delivre l avèk on gwo men pwisan, e yo ta pral nan on peyi, apre sa, ki te pwomèt, kote lèt ak myèl t ap koule. E apre sa lè tan pwomès sa te toupre rive, men on—on Farawon ki pat konn gran ministè Jozèf te egzèse nan mitan yo a.

<sup>34</sup> E, la, Bondye te sisite on pwofèt ki te rele Moyiz. E nonm sa te resevwa tout ansèyman sajès Ejipsyen yo. Pa gen dout ke se te on grantom, entèlijan, entèlektyèl, paske li te ka anseye Ejipsyen yo sajès. Li te sanble on nonm ki byen fòme—fòme pou delivrans lan.

<sup>35</sup> Men, ou wè, sa nou rele delivrans, ak sa Bondye rele delivrans, on jan diferan.

<sup>36</sup> Kounye a obsève nonm sa avèk tout fondalmantal li. Li te konnen li te ne pou delivre timoun Izrayèl yo. Poutan, avèk tout edikasyon pa l, se tou sa l te konnen, e poutèt li te konnen ke Bondye te rele l pou fè travay la, li te pran tout... Li te gen Bakaloreya Atis li, ak Doktora an Filozofi, epi Doktora an Literati, elatriye. E li te pati pou delivre Izrayèl, se te yon echèk total.

<sup>37</sup> Kounye a remake, ta sanble ke, poutèt li te gen on pye l sou twòn Ejip la, pou vin Farawon, li te kapab delivre timoun Izrayèl yo apre li t ap vin Farawon, paske se li ki te pwochen an liy pou—pou pran twòn lan. Men, ou wè, poutèt, li te fè l fason sa, sa pat idantifye karakteristik Bondye nan delivrans pèp Li.

<sup>38</sup> Li te di Li t ap delivre yo. *Li t ap* “delivre yo ak yon bra pwisan,” pa Moyiz avèk yon lame pwisan, men Bondye avèk yon bra pwisan.

<sup>39</sup> Nou jwenn ke pwofèt sa te kouri sove e li te nan dezè a depi karantan. Sa te pran Farawon karantan pou l te antre yon edikasyon nan li, e Bondye te pran karantan pou L te retire l nan li. Konsa nou dekouvri, yon jou, dèyè a nan dezè a, li te, rankontre Bondye Seyè a nan yon bwison adan, sou fòm yon Kolòn Dife ki te etale nan bwison an. E yo te mande l pou retire soulye l, poutèt, teren li te kanpe sou li a te sen. Bon gade nonm sa ki te rafine, byen kiltive, edike, obsèvè chanjman karakteristik li yo apre l te rankontre Bondye. Li te fè plis . . .

<sup>40</sup> Pafwa Bondye fè bagay yo on fason tèlman senp, tèlman ensanse, pou panse chanel la. Remake on nonm ki te yon echèk total; avèk tout lame Ejip la ak tout bagay a dispozisyon l pou fè volonte Bondye, ak tout edikasyon l, a laj de karantan, an plenn fòm. Men li, a katrevenzan, maten apre a, ak madanm li ki chita an kalifouchon sou yon milèt, ak yon jenn timoun sou tay li, epi avèk on baton nan men l, ki t ap desann pral an Ejip, pou pran kontwòl li. W ap pale de yon tablo ridikil! Men sa se te demonstrasyon karakteristik Bondye, paske Li te gen yon nonm ki ta pral kwè Pawòl Li. Se tou. Vrè bagay la se te, kijan w te ka imajine yon envazyon avèk yon sèl moun ki ta pral an Ejip, alòske, tout on lame te echwe? Men kisa sa te ye? Karakteristik Li, taktik pa l te chanje. Li ta prale nan Non Seyè a, "MWEN SE MWEN YÉ A." Vrè bagay la sè ke, li te pran kontwòl la. Li te fè l, paske li te ale ak Pwisans Seyè a.

<sup>41</sup> Sou wout li, pandan li t ap kondwi Izrayèl nan tè pwomiz la, li te vin an kontak avèk frè li, frè li ki nan denominasyon, Moab. Bon, Moab, pat payen, ditou. Se te timoun pitit fi Lòt yo. Youn nan timoun li yo te—te fè Moab.

<sup>42</sup> Bon, anwo a la, m vle fè w remake de nasyon sa yo, jan yo te kontré. La an Ejip, yon ti gwoup, epapiye, okenn nasyon pou yo ale, okenn dirijan oswa okenn wa, oswa anyen, oswa okenn gwo zafè pamì yo, jis on pèp sou wout yo pou al nan tè pwomiz. E la yo te oblige pase sou teritwa Moab. Sa te drèt sou liy pwomès la.

<sup>43</sup> E Moab, tou, se te kwayan nan Jewova, e yo te gen on pwofèt. E Izrayèl te gen on pwofèt. Toulède te gen pwofèt.

<sup>44</sup> E remake kounye a, yo te rive kote ke pwofèt nasyon òganize a t ap desann pou vin modi lòt nasyon sa, paske yo t ap drive, poutèt yo pat gen okenn plas pou yo rete. Kifè yo te desann.

Obsèvè de pwofèt sa yo: Lè w konsidere bagay yo sou baz fondamantal, toulède te egzakteman kòrèk. Paske, remake, Balaram, evèk la, te di l, "Bon, bati sèt lotèl ban mwen."

<sup>45</sup> Sèt se nonb konplè Bondye, ki te reprezante Sèt Aj Legliz yo, sèt jou kreyasyon yo, elatriye. Kounye a remake, sèt, Bondye konplè an sèt.

<sup>46</sup> "Sèt lotèl, epi sou chak lotèl mete yon—yon towo." Bon sa se egzakteman menm kantite lotèl yo te genyen anba nan kan Izrayèl la. Men yo te laba an Izrayèl, avèk menm kantite lotèl la

ke yo genyen isi a; ak menm sakrifis la, yon towo pou yon towo; yon pwofèt pou yon pwofèt. De nasyon, ki te kontrè.

<sup>47</sup> Yon egzanz pafè de jou n ap viv ladann lan, si n te ka gen tan pou antre ladann. Remake, Bondye t ap fè sa an parabòl, pou nou te ka dekouvri l, pa konparezon.

<sup>48</sup> Kounye a, Balaram, te mande, tou, yon bouk sou chak lotèl. Sa t ap pale de fwa l nan Mesi ki ta pral vini an. Yon bouk, ak yon brebi, se menm sakrifis la yo te gen anba an Izrayèl; laba nan kan Izrayèl la, isi a toupre la . . . nan Moab. La . . . Fondamantalman, yo toulède te kòrèk, men, remake, fondamantalman nan doktrin.

<sup>49</sup> Men yon pwofèt laba nan kan Izrayèl la te gen karakteristik Bondye yo ak Pawòl Bondye. Li te rete avèk pwomès Bondye pou aj sa, paske li te nan liy direksyon tè pwomiz la. Ou wè?

<sup>50</sup> Bon, pou tout sa ki gen rapò ak pati fondamantal la, Balaram, Balak te ka idantifye menm jan ak Moyiz.

<sup>51</sup> Men, ou wè, Moyiz, paske li te pwofèt kòrèk Bondye a, non sèlman li te gen pati fondamantal la, men li te gen tou idantifikasiyon Bondye. Ou wè, li te nan liy devwa li, egzakteman sa ki te pwomèt pou aj sa; pa pou aj Noye a, men pou aj lè sa. "M va mennen nou nan yon peyi ki gen lèt ak myèl k ap koule." Yo te sou wout yo, e Izrayel te idantifye avèk pwofèt pa yo, Moyiz, ak Mesaj aj sa. Karakteristik Bondye yo te idantifye nan Moyiz. Yon Kolòn Dife t ap swiv li. Li te gen tou ekspsyasyon an an aksyon; pa jis ap pale de sa, men li te genyen l an aksyon. Pa sa ki va rive; men sa k ap rive kounye a!

<sup>52</sup> Remake, li te gen yon sèpan eren ki te soulve anlè pou maladi ak tray moun yo, kidonk Moyiz t ap pratike gerizon Divin. Li te gen ekspsyasyon an, sèpan eren an, ki te senbolize ke Bondye te nan kan an, e moun yo te gade sèpan eren sa e yo te geri.

<sup>53</sup> Li te gen tou yon Woche frape ki t ap swiv li. E sa te idantifye Bondye, ki t ap gade Dlo Lavi a pamí yo, jwa ak sali, pou yo pat peri men pou yo te gen Lavi san fen an. Se te yon tip de . . . Woche frape sa nan dezè a se te yon tip de Kris ki te frape.

<sup>54</sup> Apre sa, yo t ap vwayaje lan direksyon pwomès la. Se te yon lòt idantifikasiyon, ki t ap montre karakteristik Bondye. Pe enpòt jan lòt la te fondamantal avèk Pawòl la; li te gen sistèm fondamantal la, plis idantifikasiyon an, ak karakteristik Bondye pamí yo. Bondye te idantifye Tèt Li. De pwofèt, toulède pwofèt, e toulède fondamantal; men Bondye te idantifye karakteristik Li yo nan Moyiz, paske li te gen karakteristik Bondye yo avèl.

<sup>55</sup> Bon, ankò, karakteristik Bondye toujou sinatirèl, paske Li sinatirèl. Bondye sinatirèl. Sa inabilityèl, toujou, parapò a tandans modèn jan pou panse jodi a. Nou konn sa. Bondye toujou kontrarye plan, pou-pou gwoup relije yo nan chak aj ki te janm pase.

<sup>56</sup> E pa yon sèl fwa yon moun oswa yon gwoup moun te janm òganize tèt yo ansanm apati yon mesaj si se pat pou yo te mouri epi mete de kote sou etajè, e yo pat janm resisite ankò. Pa gen okenn referans listwa. Literyen yo, Presiberyen yo, Metodis yo, Batis yo, Pannkotis yo, elatriye, pat janm retounen leve, kan yo t al fè gwoup avè L.

Bondye trete avèk endividé.

<sup>57</sup> Remake, Li tèlman inabilityèl a fason yo panse. Ou wè, nou retire kò nou nan tandans lan, e nou oblige kwè L fason *sa a*. E alò Bondye vini ak Pawòl Li ke Li te pwomèt la, pou idantifye Tèt Li nan Pawòl sa. Gwoup *sa* pa ka al jwenn Li, paske yo pa kwè Ladann. Ou wè, yo te vrèman retranche tèt yo de Li.

<sup>58</sup> Tankou Jozèf, li te pitit David, e yon nonm de byen, Jozèf epou Mari. Li te yon nonm de byen, e pa gen dout li te li Bib la, woulo yo, kontinyèlman, paske... e li t ap tann Mesi a vini, e l te dwe konnen sa Lekriti te di ki ta pral rive. Ezayi te di: "Yon vyèj va vin ansent."

<sup>59</sup> Ebyen, bon, li t ap frekante jenn fi sa, Mari, ki te gen pwobableman dizuitan, e li te pwobableman on tijan pi aje. E apre sa kan yo te fiyanse pou yo marye, li ta pral manman. Kounye a sa te on jan difisil pou Jozèf pou l te ka regle sa. Pa gen dout ke Mari te di li apwopo de vizit Gabriyèl la. Men nou remake, fason ke karaktèl te dirije l, te fèl doute sa.

<sup>60</sup> Bon li ta pral vin manman anvan yo te marye. E, nan Bib la, pinisyon pou sa se lanmò, ak lapidasyon. Yon fanm ki pa marye ki ta pral vin on manman, yo te dwe lapide l. Pat gen pwostitisyon an Izrayèl. Yo te debarase yo de sa. Kifè nou te jwenn, nan Detewonom, li di nou sa.

<sup>61</sup> Bon nou jwenn ke, se tankou Mari, t ap eseye itilize Jozèf kòm kouvèti pou yon ak li te komèt. Paske, si yo te dekouvrí ke li te déjà manman anvan yo te marye, alò li te dwe lapide, kifè li te dwe gen yon moun kounye a ki te ka sèvi kouvèti pou li. E sa te sanble, anpil, a tankou se sa li t ap eseye fè.

<sup>62</sup> Men Jozèf ki t ap gade l nan bèl gran jye l yo, e li te di: "Jozèf, se Gabriyèl ki te di m sa, 'Sentespri a va kouvri w ak lonbraj Li, e Bagay sila ki va anndan w lan—andan w lan vin de Sentespri a. Se Bondye. Se konsa yo pral rele Sa, 'Pitit Bondye.'" E, Jozèf, li—li—li te vle kwè sa, men sa te tèlman pa abityèl. Sa pat janm rive anvan.

<sup>63</sup> E jodi a se jis fason sa. Si nou te ka sèlman... Si m te gen yon fason pou fè moun yo wè jan tout bagay pa kòm dabitud, si sa idantifye pa Pawòl la, alò karakteristik li pwouve sa li ye. Se Bondye an aksyon.

<sup>64</sup> Jozèf ta dwe konnen sa. Li ta dwe konnen, "Yon vyèj va vin ansent." Men li te onèt konsènan sa. Li pat vle mete l de kote, sèlman an prive, kote li—li t ap reflechi sou possibilite fè sa.

<sup>65</sup> E alò Anj Seyè a te parèt devan l nan yon rèv. Èske w te janm mande w poukisa Li te parèt nan yon rèv? Pat gen okenn pwofèt nan jou sa yo. Rèv yo te byen senp, li pat bezwen okenn entèpretasyon. Li te di: “Jozèf, oumenm ptit David, piga w pè pran Mari pou madanm ou, paske sa l ap pote anndan lan vin de Sentespri a.” Ou wè, apre sa, sa te regle. Ou wè, Li te vin kote l nan yon rèv, yon fason endirèk. Men, ou wè, pat gen okenn pwofèt la pou idantifye Pawòl sa a, “Se vyèj ki va vin ansent lan.” Ou wè? Konsa, kidonk, Li te parèt devan l nan yon rèv, paske li te yon nonm de byen ki onèt epi jis.

<sup>66</sup> E mwen kwè Bondye va vini bò kot tout òm de byen, nenpòt fason an, pou idantifye aksyon L yo pou nonm de byen sa, pou aj la, si Bondye te rele nonm sa pou aj sa.

<sup>67</sup> Bon, men sa te tèlman pa abityèl, ke yo te jis pat ka sezi l. Men, toujou, aparisyon an te dapre Pawòl ki te pwomèt pou aj la, tout sa ki pat kòm dabitid la.

Bon gen moun ki kapab ap pwonmennen, epi di: “Ebyen, *sa a* pa abityèl, se Bondye. *Sa a* pa abityèl.”

<sup>68</sup> Men, ou wè, li dwe idantifye pa Pawòl la, e Pawòl la se Bondye. Ou wè? E alò karakteristik idantifikasiyon sa idantifye kimoun sa ye, paske Bondye te di: “*Sa t ap rive,*” e sa rive. Ou wè? Karakteristik li se Pawòl Bondye a ki ap idantifye pa karakteristik sa k ap fèt la.

<sup>69</sup> Li te di nan dènye jou yo Li t ap devèse Sentespri a. Li te fè l. Karakteristik li te idantifye ke se te Bondye, Pawòl Li ki te pwomèt la. Ou wè, sa toujou idantifye tèt li.

<sup>70</sup> Kounye a, toujou, a chak fwa, sa korije pawòl la, lè Pawòl la pat pwononse bòn fason an. Èske w te janm remake? Sa te fèt nan tan Noye a, sa te korije aj syantifik sa, ke Bondye ta pral fè dlo desann sot nan syèl. Se te Moyiz, ou wè ki te korije sa kan yo tout te tabli laba an Ejip, epi bagay konsa, men Pawòl Bondye a te gen pou vini pou yo idantifye L. E Verite Pawòl la korije erè a.

<sup>71</sup> Kite m mande w on bagay. Nou ka ale on tijan an pwofondè la. M pa sipoze preche anseyman oswa doktrin, men kite m jis mande w on bagay.

<sup>72</sup> Jezi te Pawòl la. Nou konn sa. Bib la di se te sa. Sen Jan, chapit 1 an, “Nan kòmansman se te Pawòl la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye. E Pawòl la te fè L chè e Li te abite pami nou.” Li se toujou Pawòl la. Alò kan L te ka wè panse yo, yo te dwe konnen ke sa se te Pawòl la, paske Pawòl Bondye te di se sa Li t ap fè. Li te Pwofèt la.

<sup>73</sup> Kounye a remake, nou jwenn ke lè L te fèt, apeprè a douzan daj, Li te monte al nan fèt tabènak la. E yo te al la pou fèt Pak la. E, sou wout yo ap retounen, yo te déjà gen twa jou ap vwayaje yo te blyie L; te gen enpresyon, t ap panse, pito, t ap pretann ke Li te la pami moun yo.

<sup>74</sup> Nou te ka tire yon leson de sa la. Sa si tèlman tankou jodi a! Bon noumenm Metodis, Batis, Presbiteryen, Literyen, Katolik, kèlkeswa sa nou ye, ou wè, n ap fè menm bagay la. Nou te gen enpresyon poutèt Wesley te gen yon gran revèy, Luther te gen yon gran revèy, oswa Pannkotis yo te gen yon gran revèy, nou te gen enpresyon ke Li pami moun yo, alòske, pafwa Li pa la.

<sup>75</sup> Yo te pati al chache L. Ki kote yo te jwenn Li? Kote yo te kite L la, Jerizalèm. E lè yo te jwenn Li, kisa L t ap fè? Yon jenn ti gason, douzan daj, pwobableman ki pat janm antre lekòl pou resevwa pa plis ke sa manman L te anseye L; e la Li te nan tamp lan, ap diskite ak prêt sa yo, konsènan Pawòl Bondye a. E yo te etone pou konstate sajès jenn Timoun sa. Poukisa? Li te Pawòl la. Kounye a obsève.

<sup>76</sup> Bon se pa pou ap derespekte noumenm moun Katolik yo ki rele Mari manman Bondye, men jis kite m montre nou on ti erè la. Si legliz bati sou Mari, obsève sa k te rive. Bon li te rive e li te di: "O, papa w avè m t ap chache W, ak dlo nan je." Konsidere deklarasyon sa, li te kondane la pwòp temwayaj li. Li te di: "Papa w avè m t ap chache W, ak dlo nan je."

<sup>77</sup> Obsève Pawòl sa. Li te Pawòl la. Li te di: "Èske w pa konnen ke M dwe okipe M de zafè Papa M?" Obsève Pawòl la ki ap korije erè a. Drèt la devan prêt sa yo, li te detwi temwayaj pa l. Li te di ke l te vin ansent pa Sentespri a, e la li te di Jozèf se "papa" L. Gade Pawòl sa ki te sezi sa byen vit? Li te Pawòl la. Bon, nou konnen ke yon jenn gason douzan pa tap fè sa. Li te Pawòl la. Li te Pawòl pale pou aj sa, konsa se te karateristik Bondye a nan Kris. Li te korije erè a. Li te di . . .

Yo te di: "Ebyen, nou se disip Moyiz." Ou wè?

<sup>78</sup> Li te di: "Si nou te disip Moyiz, nou t ap konnen M. Li te ekri sou Mwen. Moyiz te di: 'Seyè Bondye a va sisite yon Pwofèt tankou mwen.' Nou t ap konnen M si nou te konn Moyiz."

<sup>79</sup> Epi, ou wè, Pawòl la toujou ap korije erè epòk la. Men moun yo pa vle kwè sa. Yo jis rete kole, jis menm jan an.

<sup>80</sup> Men Jezi te korije pwòp manman L. E manman L te nan erè, paske li te deja di ke se te yon Timoun ki te vin nan vant li pa Sentespri a, e la li te chanje temwayaj li pou di ke se Jozèf ki te "papa l," se te papa Jezi. Bon si—si Jozèf . . .

<sup>81</sup> Si L te pitit Jozèf, si L ta dwe ap okipe L de zafè papa L, Li t ap nan atelye chapantye a.

<sup>82</sup> Men Li t ap okipe L de zafè Papa L, anwo la nan Tanp lan, ap reprimande òganizasyon sa yo. Ou wè? Li t ap okipe de zafè Papa L, jis yon ti gason douzan. "Èske w pa konnen ke M dwe okipe de zafè Papa M?"

<sup>83</sup> Èske nou te remake lè Satan t ap tante Jezi? Karakteristik Li la, lè Li t ap pase pa tantasyon pa L, te idantifye kòm Bondye, paske Li te rete ak Pawòl la. Ou wè? "Li ekri," Satan te di.

Jezi te di: "Li ekri tou," Li te rete drèt ak Pawòl la.

<sup>84</sup> "Bondye, nan tan pase yo," nou li la. "Bondye nan tan pase yo," sa se ansyen tan, "ak divès mannyè," anpil fason, "te idantifye Tèt Li pou pwofèt Li yo pa vizyon." Sa te karakteristik on pwofèt, se te lè li t ap predi bagay e sa te rive. Bon sa se te karakteristik idantifikasiyon li, ke Bondye te avè l. Alò sa te ba l dwa pou entèprete Pawòl pou jou sa, paske "Pawòl Bondye vin jwenn pwofèt yo," karakteristik pwofèt la, sè ke l ap predi.

<sup>85</sup> Bib la di: "Si gen youn, epi sa li di a rive, alò koute l; men, si se pa sa, pa kwè l, pa pè li, men Mwen . . . si—si Pawòl Mwen pa nan li. Men si sa rive, alò Pawòl Mwen nan li." Sa se idantifikasiyon l. Sa se karakteristik yon pwofèt.

<sup>86</sup> Kounye a, Bondye, nan tan pase yo, se konsa Li te montre karakteristik idantifikasiyon Tèt Li pou lòm, se te ap pale atravè yon nonm ke yo te rele pou vin yon pwofèt. Bon, Bib la di sa: "Bondye, nan tan pase yo, ak divès mannyè, te pale ak pè fondatè yo atravè pwofèt yo."

<sup>87</sup> Nou li tou, la nan 2 Pyè, ke yo te ekri tout Pawòl la an antye. "Moun lontan yo, te pouse pa Sentespri a, yo te ekri Bib la." Yo te pwofèt. Pawòl la te vin jwenn yo e yo te ekri L, yo te ekri l, anba enspirasyon. Dabò yo te idantifye kòm pwofèt, apre sa yo—yo te ekri Pawòl enspirasyon an, e yo te gen entèpretasyon revelasyon Divin lan paske se te Bondye nan lòm.

<sup>88</sup> Bon sa se fason Li te montre Tèt Li nan karakteristik idantifikasiyon pa L, vizyon pa yo te konfime, se te karakteristik Bondye nan yo, ki t ap revele Tèt Li pou moun yo.

<sup>89</sup> Bon, se te sèl fason Li te nan Kris. Yon pwofèt se te jis on ti pati. Kris se te plenitid Bondye a. E Bondye te nan Kris, Li t ap rekonsilye mond lan a Li menm. E karakteristik Li te idantifye L, sa L te ye, si tèlman ke L te di, "Si M pa fè zèv Papa M, alò pa kwè sa. Si M pa gen karaktè Papa M alò pa kwè M, pa kwè sa M pretann lan. Si M pa gen karaktè Papa M nan Mwen, alò pa kwè sa, ditou."

<sup>90</sup> Bon, karakteristik Li yo pa janm chanje. Bondye pa ka chanje karaktè Li, menm jan—jan yon—yon ayo pa ka chanje karaktè l, oswa tankou nenpòt lòt bagay la pa ka chanje karakteristik li. Paske, toutotan li rete nan eta orijinèl li, li orijinal. E si w chanje yon bagay, alò ou chanje l de eta orijinèl li.

<sup>91</sup> Se jis tankou w ka pran yon—yon kochon, epi ou ka lave kochon an epi—epi mete penti sa sou zong zòtèy li yo, tankou fanm yo fè a, epi mete wouj a lèv sou li, epi mete yon bél wòb sou li. lage vye manman kochon sa, li va retounen drèt nan labou a, epi woule ankò ladan l. Poukisa? Li se yon kochon, se tou. Men, epi, men, ou konnen, nou pa tap fè . . .

<sup>92</sup> Yon ayo pa tap fè sa. Li pa tap janm al nan labou sa. Li pa tap vle annafè ak sa. Se karakteristik li. Ou wè? Ou ka abiye l ak

menm jan de rad la, men se sèten li p ap fè l, se sèten li pa pral la. Aparans sou deyò a pa konte; se sa k anndan an. Kounye a, Bondye ki sous tout vi . . .

<sup>93</sup> Pa manke sa. M ap eseye, ak tout sa ki anndan m, pou fè nou wè yon bagay. Ou wè? Se pou byen ou, zanmi. Se nan en—enterè w. Ou wè?

<sup>94</sup> M pat vin isi a jis pou yo te wè m. M pat vin isi a, paske m pat gen lòt kote pou m ale. M vin isi a paske m te santi pou m vin isi a. M te santi ke ministè Seyè a ban mwen an dwe demonstre pamí moun yo isi a, e m ap eseye fè w wè sa Bondye ye vrèman kounye a. Li se Pawòl ki pwomèt la. Li se toujou Pawòl la, e Li idantifye Tèt Li pa karakteristik Li te pwomèt la. Yon karaktè kèlkonk ki t ap sisite a on moman done, se nan Pawòl la, alò karateristik moun sa ki sipoze vini an idantifye ke se moun lan.

<sup>95</sup> Se poutèt rezon sa ke Jezi te dwe Sila Li te ye a. Yo te dwe wè sa. Se pa etonan yo te avèg. Bagay la . . . li te di, malgre Li te fè bann mirak sa yo, malgre sa yo pat ka kwè, paske Ezayi te di: "Yo gen je e yo pa ka wè, epi zòrèy e yo pa ka tandé." Ou wè? Chak aj, non sèlman aj pa L la; men chak aj, kijan: "Bondye, nan tan pase yo, ak divès mannyè," yo toujou jis pa ka sezi l.

<sup>96</sup> Bon, Karakteristik Li pa janm fayi. Li toujou menm lan. Kounye a, sonje, karakteristik Li, karakteristik Bondye, pa ka fayi. Si sa fêt, alò Bondye echwe. E Bib la di, nan Ebre 13:8, ke "Jezikri se menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan." Kidonk, Li se Bondye ki pa chanje a. Kèlkswa karaktè Li te ye nan kòmansman an, Li se menm karaktè a toujou. Kèlkswa fason Li opere a, nenpòt lè Li te janm fè on bagay, Li fè l menm jan an a chak fwa. Sinon, sè ke karaktè L chanje, ou wè, e karakteristik Li ap demonstre yon bagay ki pa Bondye. Ou wè? Konsa nou pa tap konnen ki kote . . .

<sup>97</sup> Tankou Pòl di: "Si twonpèt la bay yon son ki pa sèten, kimoun ki va prepare pou lagè, si twonpèt la bay yon son ensèten?" Bon si twonpèt la sipoze sonnen "fè bak," se sa nou dwe fè, bak. Si twonpèt la sonnen "atake," se sa nou sipoze fè, atake. Men se kisa Twonpèt la ye? Se Pawòl Bondye a. Li idantifye Bondye, pou di si—pou di si se "monte, chita, fè bak, depoze zam," kèlkswa sa l ye a. Se son Twonpèt Bondye.

<sup>98</sup> E yon son ensèten, se kan Bib la di yon bagay sipoze rive; yon moun di: "O, sa se te pou on lòt jou, sa." Alò gen yon son ensèten la. Apre sa ou pa kona kisa pou fè.

<sup>99</sup> Jezi di: "M gen pouvwa pou bay vi M e pou reprann li ankò." Pa gen son ensèten la.

<sup>100</sup> Fanm lan di: "Nou konnen lè Mesi a va vini; e kan Li va vini, Li va di nou bagay jan Li te fè yo."

<sup>101</sup> Li di: "Mwen se Li." Pa gen son ensèten la. "Mwen se Li." En-en! Amèn.

Yo di: "Zansèt nou yo te manje laman nan dezè a."

<sup>102</sup> Li di: "Yo chak, yo te, mouri." Li di: "Men Mwen se Pen Lavi ki sot nan Syèl bò kote Bondye." Okenn son ensèten. "Mwen se Pyebwa Lavi a, nan jaden Edenn lan." Non, okenn son ensèten konsènan sa. Sètènman pa. Anyen ensèten konsènan sa. Li te sèten nan tout bagay ke L te di.

<sup>103</sup> Bib la pa bay yon son ensèten. Li idantifye karakteristik Bondye yo nan son Li bay.

<sup>104</sup> Jezi di, nan Sen Jan 10:37: "Si M pa fè zèv Papa M yo, enben... M pa gen karaktè Papa M, alò pa kwè Mwen. Se yo menm, ki idantifye karaktè L nan Mwen, karakteristik Li yo."

<sup>105</sup> Paske, Papa a se Pawòl la, "Nan kòmansman Pawòl la te la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye," e karakteristik Bondye yo te demontre pa pwomès pa L pou aj sa.

<sup>106</sup> Bon si L te viv nan tan Moyiz la, sa pa t ap mache. E si Moyiz te viv nan tan pa Li a, sa pa t ap mache. Si Li te viv nan tan Noye a, sa pa t ap mache, oswa si Noye te viv nan tan pa Li a. Noye t ap pwofetize bagay ki konsène jou pa l la, e se karakteristik li ak sa l te fè ki te idantifye l avèk Pawòl Bondye a. Moyiz te fè menm bagay la.

<sup>107</sup> E men Jezi ki te vini, e Pawòl ki te pwomèt pou aj sa te idantifye nan Jezikri pa karakteristik Pawòl la, ki se Bondye. Amèn.

<sup>108</sup> Devèsman Sentespri a, nan dènye jou yo, sou moun òdinè yo, te idantifye karakteristik Bondye ak moun yo. Li te pwomèt sa. Se Pawòl la. Li te di Li t ap fè l. Pèsonn pa ka retire sa. Li te di Li t ap fè l.

<sup>109</sup> Kifè tout bagay sa yo Li te pwomèt la, se sa L fè. Sa idantifye karakteristik Li. Wi, mesye. "Pa kwè sa, pa kwè sa M pretann, si karakteristik Mwen pa menm ak pa Bondye."

<sup>110</sup> Kounye a remake nan Jan 14:12: "Sila ki kwè nan Mwen," Li te di, "li gen idantifikasyon M, karakteristik Mwen. Sila ki kwè nan Mwen, zèv Mwen fè yo li va fè yo tou." Sa idantifye ke karaktè Kris nan li, ap demontre karakteristik Li. Amèn.

<sup>111</sup> M santi m reliye kounye a la, menm si m anwe. Wi, mesye. O, la la! Ou wè, pa gen erè konsènan Sa! Se Vi Li! "Sila ki kwè nan Mwen, zèv Mwen fè yo li va fè yo tou." Ou wè, sa idantifye karakteristik la.

<sup>112</sup> Menm bagay Li di: "Si karaktè M pa idantifye Tèt Mwen," Bondye nan-nan Li, alò Li... yo pa kwè L. Bon, Li te di tou ke Li t ap idantifye nan sa. Alò, sa, si sa pa idantifye L, alò Li pa sa Li di a.

<sup>113</sup> E, jodi a, si Kris pa idantifye Tèt Li, karakteristik Kris idantifye nou antan ke moun ki fè pati de Kris, ki kwè Pawòl la... Jezi te Pawòl la, kifè Li te dwe kwè Pawòl la. E kouman nou

ka di nou fè pati de Kris, epi renye on Pawòl Bib sa? Sentespri Kris la se Bondye nan ou, e a chak pwomès Li va reponn avèk yon "Amèn." Bib la di: "Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè." Lespri Bondye di: "Amèn." Ou wè?

<sup>114</sup> Pa gen youn nan yo ki di: "Non, sa se te pou yon lòt aj; sa se te pou disip yo sèlman."

<sup>115</sup> "Ale toupatou nan monn lan epi preche Levanjil pou tout kreyati. Pe enpòt kote nan monn lan, sila ki kwè a, siy sa yo va swiv li, menm bagay." "Menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan," karakteristik la idantifye.

<sup>116</sup> Sa fè Ebre 1:1: "Bondye nan tan pase yo, t ap pale ak pè fondatè yo pa pwofèt yo," t ap idantifye Kris, ki resisite jodi a, pa menm karakteristik ke L te montre nan tan pase yo. Èske w te remake? Bondye pa janm chanje fason Li.

<sup>117</sup> Nan Bib ansyen an, lè yon moun te fè yon rèv, epi pat gen okenn pwofèt nan peyi a pou wè si rèv sa te vre ou non, yo te gen yon lòt fason pou dekouvre sa. Yo te konn pran karaktè sa, pe enpòt moun ki te fè rèv la, yo te konn pran l mennen l nan tanp lan. Pektoral Arawon an, ki te souvren sakrifikatè a, te konn pandye sou poto a. E moun lan te konn di rèv sa. Pe enpòt jan sa te sonnen byen, jan sa te sonnen reyèl; si pat gen yon Limyè sinatirèl ki te flache sou pyè sa yo, ke yo te rele Urim Thummim (Lektè Bib yo konprann); alò, m pa bezwen konnen jan sa te sonnen reyèl, se pat sa. Fason inabilityèl Bondye, karaktè Bondye, te dwe montre karakteristik Li nan sinatirèl la, pou montre Li te idantifye Tèt Li ak mesaj la. Amèn.

<sup>118</sup> Mwen di menm bagay la aswè a. Ansyen Urim Thummim lan disparèt, men Pawòl la se toujou bagay ki idantifye karakteristik Bondye, pwomès pou lè n ap viv la. Men karakteristik Bondye ki idantifye pa pwomès pou tan n ap viv ladann lan.

<sup>119</sup> Sa rann Bondye menm lan jan L te ye a. "Nan tan pase yo," gade, "nan plizyè mannyè, Li te pale a pè fondatè yo pa pwofèt yo." "E larla ak pwofèt yo te egziste jiska Jan; depi lè sa, Wayòm Syèl la." Remake: "Men nan dènye jou sa," Li di menm bagay Li te fè lè sa, "atravè Pitit Li Kris Jezi." "Bondye, nan tan pase, ak plizyè mannyè, te pale ak pè fondatè yo atravè pwofèt yo; nan dènye jou sa," Li fè menm bagay la, "Li pale a moun yo (pè fondatè yo) atravè Pitit Li Kris Jezi." Li te resisite L sot nan lanmò, e L ap viv anndan nou, ap idantifye Tèt Li epi ap predi bagay pou nou, poutè Li disène panse ak entansyon ki nan kè. Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan! "Bondye, nan tan pase ak plizyè mannyè te pale a pè fondatè yo atravè pwofèt yo, men nan dènye jou sa yo atravè Jezikri Pitit Li." Ou pa ka tòde Lekriti. Se egzakteman sa.

<sup>120</sup> Jan m te di anvan an, Bondye pa bezwen okenn moun pou entèprete Pawòl sa. Li entèprete Pwòp Pawòl Li. Kan Li di kwakseswa, sa rive, se sa ki entèprestasyon an. Ou wè? Li pa

bezwen okenn moun pou di: "Ebyen, m kwè sa vle di *sesi*." Bondye idantifye l ak Pwòp entèpretasyon pa L.

<sup>121</sup> Sè ke, si pwomès la se pou jou sa, nou pa ka ap viv nan limyè pa—pa—pa Luther a, nou pa ka ap viv nan limyè Wesley, nou pa ka ap viv nan limyè okenn nan sa yo. Nou dwe viv nan Limyè ki te pwomèt pou jou sa.

<sup>122</sup> Sa k t ap rive si Moyiz te desann an Ejip, pou di: "Ebyen, nou pral konstwi yon gwo ach. Nou pral flote sou dlo pou n soti kite peyi sa. Nil la pral gonfle monte"? Yo t ap voye je gade nan woulo yo; pa gen okenn pwomès konsa. Se vre. Men, ou wè, li te idantifye tèt li antan ke pwofèt Bondye, paske sa l te di te konn rive, konsa yo te konnen li te gen Pawòl Seyè a. Farawon te gen javlo, men Moyiz te gen Pawòl la. Kifè kan yo te rive nan lanmè a, tout javlo yo te koule anba dlo lanmè a; E Moyiz te fè Izrayèl travèse lanmè a, a sèk, paske li te gen Pawòl la, e li te Pawòl pou lè sa. Moyiz te Pawòl manifeste pou lè sa.

Eli te Pawòl manifeste pou lè sa.

<sup>123</sup> Kris se Pawòl manifeste a, e pwomès ke L te fè yo. "Yon ti tan ankò e monn lan p ap wè M; sepandan nou va wè M, paske M va avèk nou, e menm nan nou, jiska lafendimonn. Zèv Mwen fè yo nou va fè yo tou." Li te pwomèt bagay sa yo. Kisa sa ye? Se karakteristik Bondye k ap demontre Pawòl Li, tankou L te fè nan tout aj.

<sup>124</sup> Nan Malachi 4, Li di, "Anvan gwo jou tèrib Seyè a vini, men ni, M ap voye pwofèt Eli pou ou; e li va fè fwa timoun yo retounen al jwenn fwa papa yo, anvan jou sa rive." Li te pwomèt sa.

<sup>125</sup> Jezi di, nan Sen Lik chapit 17: "Menm jan sa te ye nan jou Sodòm yo, se konsa l va ye le Fis de lòm lan ap vini, le Fis de lòm lan ap revele." Kan revelasyon an ap deplwaye tèt li, nan jou kote monn lan va tankou Sodòm, kisa l pral ye? Karakteristik Ekriti sa ki akonpli. Bondye k ap idantifye Tèt Li pa karakteristik Li yo, karakteristik Li, sa ke L te toujou ye. Li pa ka kite sa.

<sup>126</sup> Nan dènye jou yo, Li te idantifye atravè Pitit Li. Remake kouman Bondye fè bagay sa yo toujou nan... jan Li touj... Li pa janm chanje fason Li.

<sup>127</sup> Twazòm sa yo ki te pale ak Abraham yo, jan nou fenk t ap di la, nan jou Sodòm yo.

<sup>128</sup> Abraham te yon nonm ki te kwè Bondye. Li te pran Bondye jan Li pwomèt li a. Sara, madanm li, te gen swasantkenzan, Abraham te gen swasantkenzan, le Bondye te rele l. Li te di ke yo ta pral gen yon—yon timoun; Abraham ta pral gen yon timoun avèk Sara. Sa ka sonnen on tijan ridikil, men mwen imajije m li te gen tout ti—ti choson ak epeng, ak tout bagay, prepare, paske yo ta pral gen ti bebe sa.

<sup>129</sup> Apre premye ventwit jou yo, ebyen, Abraham te ka di Sara: "Kouman w santi w, cheri?"

“Okenn diferans.”

“Glwa pou Bondye, nou pral genyen l, kanmenm.”

“Kijan w fè konnen?”

“Bondye te di sa.”

Yon lane pase. “Kouman w santi w, cheri?”

“Okenn diferans.”

“Nou pral genyen l, kanmenm. Bondye te di sa.”

Senk lane pase. “Kouman w santi w kounye a, cheri?”

“Okenn diferans.”

“Nou pral genyen l, kanmenm. Bondye te di sa.”

<sup>130</sup> Kisa sa te ye? Li te sezi pwomès Bondye a. Li te kwè Bondye, e li te aji tankou Bondye: li te akwoche l a Pawòl ki te pwomèt la. Sa . . .

<sup>131</sup> Vensenk lane te pase. Ti choson yo te vin tou jòn, men li te kanmenm gade yo. Bon li menm li aje, ap koube, e li an trè movèz fòm; E zantray Sara te bon pou mouri, e li menm li pa ka fè timoun. E ala yon kondisyon yo te retwouve yo ladann!

<sup>132</sup> “Kouman w santi w, Abraham, papa nasyon yo?” se sa zanmi swadizan kwayan l yo t ap di l.

<sup>133</sup> “Ebyen, glwa pou Bondye, m santi m byen. Nou pral gen bebe sa, kanmenm.” Paske li pat bite sou pwomès Bondye a akoz enkreditilite; men li te fèm, ap bay Bondye lwanj, paske li te kwè tout bon ke sa Bondye te di, Bondye kapab akonpli l. Amèn. Men karakteristik on kwayan.

<sup>134</sup> E ou menm? Ou wè? E noumenm, timoun Abraham yo? Èske nou idantifye avèk Pawòl Bondye a, antan ke yon pwomès, e karakteristik nou idantifye tèt nou, kòm kwa nou kwè L tout bon? Osawa, èske nou jis klopi Klopan, ap sote pa *isit la*, e pa *la*, epi *laba*, epi ap devine, epi ap pwonmennen klopi Klopan, konsènan Sa? Apre sa, nou pa Kretyen, nou jis ap fè sanblan.

<sup>135</sup> Men, kan nou reyèlman pran pozisyon pou pwomès sa, kenbe l drèt la epi rete avè L! Abraham te fè l.

<sup>136</sup> Bon nou jwenn, yon jou li te wè twazòm ki te vini, ap maché. Bib la di la: “Sa te rive nan gwo chalè jounen an,” li dwe te apeprè midi. Mesye sa yo t ap maché epi t ap pale avè l. Nou konprann ke de ladan yo te desann al nan Sodòm. M kwè nou te pale sou sa lòt jou swa pase. Youn nan yo te rete avè l.

<sup>137</sup> Obsèv Nonm sa ke l te rele . . . ki te rete avè l la, kisa Nonm lan te fè. Youn te idantifye pa karakteristik Li, ke Li te Elohim.

<sup>138</sup> Elohim, premye premye mo nan Bib la, “Nan kòmansman an Bondye . . .” Bon, nenpòt nan nou gwo save yo nou konnen ke mo *Bondye* sa la vle di, an Ebre, se “Elohim,” ki vle di “Toupwisan an, Sila ki sifi pou Tèt Li a, Sila ki egziste pa Li menm lan,” ki pa bezwen èd pèsonn, ki pa bezwen entèpretasyon pèsonn; fè Pwòp

afè L. Li se Bondye ki sifi pou Tèt Li a, omniprezan, omnisyen, omnipotan. Li se Bondye.

<sup>139</sup> Men Li ki te la. E Abraham la, patriyach sa ki te kenbe Pawòl la, t ap gade Nonm sa. E kan Nonm sa te gen do L tounen bay tant lan, Li te di: "Kote madanm ou, Sara?"

Li te di: "Li nan tant lan, dèyè do W."

<sup>140</sup> Li te di: "M va vizite w dapre sik peryòd lavi, e ou va gen bebe sa ke M te pwomèt ou a."

<sup>141</sup> E Sara te ri parapò a sa. E Sila ki t ap pale avè l la, te di l sa Sara te di nan tant lan, dèyè do L la.

<sup>142</sup> Kounye a, ou va li sa, nan Jenèz. Nou jwenn ke lè sa a, Abraham, apre Nonm sa te fin idantifye Tèt Li . . .

<sup>143</sup> Kisa sa te ye? Ebre, chapit 4, vèchè 12 la, di: "Pawòl Bondye a pi tranchan, pi pwisan ke yon epe de bò, li disene panse ak entensyon ki nan kè."

<sup>144</sup> Li te konnenn ke se te Nonm lan. Li te konnen pat gen okenn pwofèt nan peyi a ke li menm, kidonk Pawòl Seyè a te vin a li menm. E li te pwofèt la, e men Pawòl la ki te vin jwenn pwofèt la.

<sup>145</sup> Menn bagay avèk Jan Batis. Pat gen pwofèt depi katsanzan. M sonje . . .

<sup>146</sup> Petèt ke vye Doktè Davis ka chita la, aswè a, ansyen predikatè Misyon Batis ki te batize m nan Lafwa a. Li te abitye agimante avè m. Li te di: "Billy, ou se jis yon ti jenn gason kounye a. Ou dwe koute m."

M te di: "Dakò, Frè Davis, m ap koute w."

<sup>147</sup> Li te di: "Ou wè, Jan pat batize. Kifè li t ap batize moun, men li pat batize; pèsonn pat diy pou batize l." Sa byen konfòm ak teyoloji Batis. "E men Jezi ki te vini, pou di la . . . Jan di: 'Se mwen ki bezwen pou W batize m; poukisa Ou vin kote m?' E Li te reponn: 'Sipòte sa fèt konsa.'" Li di: "Epi apre sa lè li te 'sipòte' L," li te di, "ou wè, apre sa Jezi te batize Jan. E kan Li te soti nan dlo a, alò syèl la te louvri e Li te wè Bondye sou fòm yon kolonb, ki t ap desann pou ale sou Li, e ki te di: 'Sila se Pitit cheri M, nan Li Mwen pran plezi abite.'" Men, non, pa pou m an dezakò avèk Doktè Davis, men li te gen tò.

<sup>148</sup> Ou wè, Jan te pwofèt, e Pawòl la toujou vin jwenn pwofèt la. Kifè si Pawòl la te fè L chè, Li te dwe al jwenn pwofèt la, de tout fason; paske, li t ap temwaye de Pawòl la, e karakteristik li te menm idantifye l pou sa. Men Pawòl la ki vini, kounye a sa k te rive? Osito ke li te mache al devan Jezi, Jan di: "Se mwen ki bezwen pou W batize m; poukisa Ou vin kote m?"

<sup>149</sup> Jezi di: "Sipòte sa fèt konsa, paske se a nou menm sa te bay (se travay nou) pou akonpli tout sa ki jis." Poutèt Jan te pwofèt; e poutèt Limenm te Pawòl la. Li te Sakritis la, e Li te sou pwen antre nan ministè terès Li, e Sakrifis la te dwe lave anvan yo

prezante l. E Jan te batize L, paske li te konnen. "Sipòte ke sa fèt konsa, paske se a noumenm ke sa bay pou akonpli tout sa ki jis." Sakrifis la te dwe lave anvan yo te prezante l, kifè Jan te batize L. Se pat Jezi ki te batize Jan. Jan te batize Jezi: "Sipòte ke sa fèt konsa."

<sup>150</sup> Remake, men Abraham ki te la, e li te gen Pawòl Seyè a. Pawòl Seyè a te vin a limenm. Li te pwofèt la. E la men Pawòl la ki te vini. Li te rele l "Abraham," pa *Abram*.

<sup>151</sup> Kèk jou anvan sa, non l te Abram—se te Abram, kounye a se Abraham. Madamm li se te Sarayi, kounye a se "Sara," pa S-a-r-a-y-i; S-a-r-a. Pa (A-b-r-a-h-a-m) A-b-r-a-m, men A-b-r-a-h-a-m, Abraham.

<sup>152</sup> E Nonm sa te idantifye Tèt Li, kan L te di: "Abraham!" O, la la!

Abraham di: "Elohim!"

<sup>153</sup> Men Pawòl la ak pwofèt la, ansanm, toude karaktè yo te idantifye.

<sup>154</sup> Elohim, Li di: "Kote madanm ou, Sara?"

<sup>155</sup> Li di: "Li nan tant lan, dèyè do W." E... Alò mirak la te pwodwi. Elohim! Abraham te rele L: "Bondye ki sifi nèt pou Tèt Li a, Touwpisan an, omnipotan an."

<sup>156</sup> Jezi te di, lè L te sou latè, Li te fè menm bagay ak Elohim. Ki te idantifye karakteristik Li antan ke Bondye.

<sup>157</sup> E Li te di, anvan: "Nan dènye jou yo, jis lè Fis de lòm lan va vini, kan L va revele, sa ki te pwodwi nan kad sa va fèt ankò, jan sa te fèt nan Sodòm." Elohim pamì pèp Li, Bondye Touwpisan an! Se sa Lèzekriti di. Elohim pamì pèp la!

<sup>158</sup> Pandan karantan L ap batize nou ak Sentespri, Elohim, Bondye! E legliz...

<sup>159</sup> Gade, Abraham te wè on siy, yon lòt apèl; on siy, on apèl; on apèl, on siy; ap tann pitit sa ki te pwomèt la. Men dènye siy li te wè, dènye aparisyon an, dènye vizit Bondye a anvan pitit ki te pwomèt la te rive sou sèn lan, se te Elohim nan yon chè imen. Alò pitit ki te pwomèt la te vini.

<sup>160</sup> E Semans Abraham lan ap tann Pitit ki te pwomèt la, Jezikri. E yo te wè siy, devèsman Sentespri a, pale an lang, gerizon Divin, elatriye. Men lè Fis de lòm lan va revele, Elohim va retounen kote Semans wayal Abraham lan pou montre menm bagay Li te montre nan jou sa, amèn, Elohim, menm jan l te ye a! Poukisa? Sa va karakteristik Bondye.

<sup>161</sup> Bon, si Kris se te Bondye, "Nan on ti tan ankò monn lan p ap wè M; men nou menm nou va wè M, paske M va avèk nou, e menm nan nou, jiska konsomasyon an, lafen an. Zèv Mwen fè yo nou va fè yo tou."

<sup>162</sup> Jezi te di nan—nan Lik, chapit 17. Dakò, lè nou va kwè epi nou va wè dènye jou sa yo, sa ki te pwodwi nan kad sa dwe refèt ankò.

<sup>163</sup> Kidonk, Ebre 1:1, “Bondye, nan tan pase yo te idantifye Tèt Li pa pwofèt yo, nan dènye jou yo te idantifye rezirèksyon Pitit Li soti nan lanmò,” ap bay Legliz la menm karakteristik Li te genyen, pou bay Ebre 13:8 egzakteman rezon.

<sup>164</sup> Pa gen yon plim ki ka soti nan sa. Sa se plim èg. Yo ret byen fèm, paske yo se zwazo ki fèt pou syèl. [Espas vid sou bann lan—Edité a.] . . . yo ba yo manje èg.

<sup>165</sup> Bon nou remake ke, “nan tan pase yo, ak divès mannyè, Li te pale a pè fondatè yo atravè pwofèt yo, nan dènye jou yo menm atravè Pitit Li Jezikri, poutèt Li te resisite soti nan lanmò.” E men Li pamí nou, apre de mil an, menm Jezi a, pa youn nan pwofèt yo; Jezi, alelouya, Pitit Bondye resisite a!

<sup>166</sup> Jezi te di, on jou, Li te di: “On jenerasyon mechan e adiltè t ap chache siy, e yo va gen yon siy.” On jenerasyon mechan e adiltè. Kilè monn lan te pi mechan, oswa adiltè, e pèvèti, ke sa l ye kounye a?

<sup>167</sup> “Menm jan l te ye nan tan Jonas la, menm jan Jonas te nan vant labalèn lan pandan twa jou ak nwit, menm jan an Fis de lòm lan dwe antere nan sant tè a pandan twa jou epi twa nwit.”

<sup>168</sup> Alò, “on jenerasyon mechan e adiltè” te dwe resevwa on siy. Ki jan de siy? On siy rezirèksyon. E nou genyen l jodi a, apre de mil an, Li toujou vivan. Li pamí nou, aswè a, menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan, ap idantifye Tèt Li pa karakteristik Bondye yo, ap manifeste Pawòl la nan jou sa jan L te pwomèt li a. Amèn.

<sup>169</sup> Men Pawòl la. Kounye a èske w pral kwè siy lan? se pwochen bagay la, dènye jou yo, idantifikasiyon L pa Pitit Li a. Remake.

<sup>170</sup> Bondye te pale a Moyiz nan tan pase yo. Nan Detewonòm 18:15, pou di: “Bondye Seyè a va sisite on Pwofèt tankou M.” Bon siveye. Sa se Pawòl la. Sa se Pawòl la. Se te Bondye. Se pat Moyiz. Kijan Moyiz t ap fè konn sa? Li te yon nonm. Men Bondye, ki t ap pale atravè Moyiz, te di sa. Èske w kwè sa? Dakò.

<sup>171</sup> Bon remake Jezi, siveye kijan karakteristik Li—Li te idantifye Pawòl veritab sa ki te pwomèt. Li sètènman te fè l. Li te idantifye pa karakteristik ke Moyiz te di Li t ap ye a.

<sup>172</sup> Anpil ladan yo, tankou jodi a, yo vle wè on gwo lidè. “O, sa se Doktè an Filozòfi *Entèl*. Li diplome soti nan Inivèsite Hartford.” Oswa: “Li soti nan kèk gwo gwo kote konsa.” Se pa idantifikasiyon Bondye. Non, non. Pa gen anyen nan sa. Pawòl la se sa ki idantifye Bondye. Ou wè?

<sup>173</sup> Jezi pat on konesè, Li pat on prêt non plis, Li pat on raben non plis, pou monn lan. Li te on trèt, pou monn lan.

<sup>174</sup> Men Bondye te konfime Pawòl Li atravè L, sa ki te fè L Emangèl. Se te sa idantifikasiyon L. Bon, la, Jezi te satisfè

egzakteman egzijans sa Bondye nan tan pase yo te di Li t ap fè a, atravè Moyiz, sa Li t ap fè a.

<sup>175</sup> Kounye a obsève kan L te rankontre Pyè, jan n te prezante l tankou yon pyès teyat yèswa a, kan L te rankontre Pyè pou L te di Pyè kisa non l te ye. Siy sa te idantifye deklarasyon ke Li se Mesi a, pou Pyè, paske Pawòl la te di: “Bondye Seyè w la va sisite on Pwofèt.”

<sup>176</sup> E Pyè te vini, li te Simon lè sa, li te vin kote Li te ye a. E Jezi te gade l, pou di: “Non w se Simon, e ou se pitit Jonas.” Sa te idantifye karaktè Kris antan ke Pawòl sa ke Moyiz te pwomèt la. Pyè te rekonèt ke siy sa te idantifye Jezi antan ke Mesi. “Bondye te nan Kris,” sila ki wenn pou dènye jou yo. Pou Natanayèl... Sonje, Li te di Simon non l.

<sup>177</sup> Bon, obsève, pou Natanayèl Li te di l sa l te fè. “Ou te anba pyebwa a lè m te wè w.” Sa te idantifye L kòm Mesi.

<sup>178</sup> Li te di: “Ou se Pitit Bondye a. Ou se Wa Izrayèl la.” Li te idantifye pa karakteristik Pawòl ki te pwomèt ke Li te dwe Mesi a. “Bondye Seyè w la va sisite yon Pwofèt.”

<sup>179</sup> Ti fanm bò pwì a, Li te di l kisa l te ye, e sa te idantifye L antan ke Mesi sa ki te pwomèt la. Ou wè?

<sup>180</sup> Karaktè L, karakteristik Li, se Pawòl la ki te idantifye. Se te karakteristik Li ki t ap montre ke Pawòl la se te Bondye, kifè se te Bondye ki t ap idantifye nan Kris. Kounye a obsève sa. Pran nòt.

<sup>181</sup> Pou Pyè, Li te idantifye pou Pyè lè L te site non l. Li te idantifye pou Natanayèl lè L te di l kisa l te fè. Li te idantifye pou fanm lan, lè l te di kisa l te ye. Sa li... kimoun *li* te ye; kisa *l* te fè; e kisa *li* te ye. Li te idantifye karakteristik Mesyanik Li, ki te dwe karakteristik Mesi a.

<sup>182</sup> Gade ti fanm lan ki te di menm bagay la. “Mesye, mwen wè ke W se yon pwofèt. Nou pat gen yon pwofèt pandan dè santèn dane. Nou te gen anpil legliz, anpil pale anpil ak divèjans pamí denominasyon yo, men nou pat gen yon pwofèt pandan dè santèn dane. Nou konnen ke lè Mesi a va vini, se sa ki va idantifye L.”

<sup>183</sup> Li te di: “Mwen se Li, k ap pale avè w la.” Anyen ki te ensèten konsènan sa, “Mwen se Li.” Sa te idantifye L.

<sup>184</sup> Fanm ak pèt de san an, te idantifye L antan ke Pawòl la. Kouman? Pa sa Li te fè kan fwa li te touche L. Li te vire tounen pou di: “Kimoun ki te touche M?” Li te konnen yon bagay te pase. Sa te idantifye Jezi antan ke Mesi.

<sup>185</sup> Li te kwè sa e li te di: “Si m te ka touche rad Li, m t ap geri.”

<sup>186</sup> Kifè osito li te touche L, Li te retounen, pou di: “Bon kimoun ki te touche M?” E yo tout te nye sa. Men karakteristik Mesyanik Li...

<sup>187</sup> Amèn! M espere w wè sa, kongregasyon. Koute, pandan n ap fini.

<sup>188</sup> Men li ki te touche L. Te gen dè santèn, petèt, ki t ap eseye touche L. Pyè te menm pran abò L, pou di: “Ebyen, yo tout ap touche W.”

<sup>189</sup> Li te di: “Wi, men on moun te touche M diferan.” Se sa ki fè diferans lan, touche ak lafwa sa. Ou wè? Li te di: “On moun te touche M. Se te yon touche diferan. M te vin fèb. Fòs te soti nan Li. Vèti te soti nan Mwen.” Bon, Li te kanpe la.

<sup>190</sup> Bon, menm Pwòp disip Li t ap di, nan lòt mo: “Ou sanble—sanble tankou W te yon moun dezekilibre. Ebyen, moun yo, tout moun ap touche W.”

<sup>191</sup> Obsèvè L, obsèvè idantifikasiyon L kounye a. Li te vire tounen, Li te gade atravè foul la. Li te remake l drèt la. Li patka kache tèt li ankò. Li te pale l de kondisyon l, e Li te di l: “fwa l te fè l vin byen.”

<sup>192</sup> Li te konnen, pa sa, ke Ebre 4:12, “Pawòl la disènne panse, entansyon ki nan kè.” Karakteristik Li te idantifye L antan ke “Pawòl Bondye a ki te fè l chè epi abite pami nou.” Amèn.

<sup>193</sup> M panse menm bagay la aswè a idantifye L, Jezikri resisite a k ap viv pami nou aswè a, menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan. Bon, kòm Ebre 13:8 se vre, karaktè Li va idantifye L jodi a, jan sa te fè lè sa, menm fason an.

<sup>194</sup> Gade Kleyopas ak lòt yo, apre rezirèksyon an. Jezi te idantifye Tèt Li fason Li te brize pen sa, Li te fè l jis jan Li te fè l anvan L te krisifye a. E yo... Sa te idantifye karakteristik Li, paske se jan sa Li te fè l.

<sup>195</sup> Bon si L te isi a aswè a, kouman L t ap idantifye Tèt Li? Jis tankou L te fè l yè, paske Li se menm lan jodi a, e Li va sa pou tout tan. Se idantifikasiyon an. Ebre 4, katò...14 e 15: “Li se sa kounye a...” Li di: “Li se Souvren Sakrifikatè nou ke santiman enfimite nou yo ka touche L.” Li se Souvren Sakrifikatè nou kounye a menm. Apre rezirèksyon L, apre lanmò L, apre ansevelisman L, apre rezirèksyon L, apre L te monte, amèn, Li rete toujou menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan, yon Souvren Sakrifikatè ke santiman enfimite nou yo ka touche. Amèn. Li se sa, kounye a menm, pou chak òm e chak fanm isi a ki va kwè sa. Li se Souvren Sakrifikatè nou, menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan.

<sup>196</sup> Li toujou ap viv. Èske w kwè sa? [Kongregasion an di: “Amèn.”—Editè a.] Karakteristik Li idantifye L kontinyèlman menm sa L te ye lè L t ap viv sou tè a. Li toujou ap viv isi a, aswè a, sou fòm Sentespri a. Li toujou ap viv. E karakteristik Li yo swiv Li, jis tankou sa te toujou fè l, si L toujou vivan.

<sup>197</sup> Mwen gen rekonesans, aswè a, paske “Bondye, nan tan pase yo ak divès mannyè te pale a pè fondatè yo atravè pwofèt yo, nan dènye jou sa yo atravè Pitit Li Jezikri.”

<sup>198</sup> O la la, m pat konsyan ke m te pale tout longè sa. M te blyie sa akoz mwen konsa. Mwen ekskize m. M pral jis . . . M ap rete.

An nou priye.

<sup>199</sup> Papa ki nan Syèl la, gran Bondye ki gen mizèrikòd la! Seyè, Mwen—mwen . . . petèt m te pale twòp. M priye, Bondye si m te fè sa, ke W padone mwen. Men, Seyè, m pa ka mande padon pou sa m te di a. M te jis di sa W te di nan Pawòl Ou la.

<sup>200</sup> Kounye jis youn ou de mo ki vin de Ou, Seyè, petèt tout moun isi a va wè sa aswè a. Ti gwoup, moun malad la va geri lè yo va wè Ou se ankò gran Souvren Sakrifikatè nou an. M priye, Seyè, nan pwochen kék minit sa yo, ke W va rann Mesaj sa vivan ankò pou vin reyalite. Pou sa m te di pa Pawòl la, ke karakteristik Ou ka idantifye W pami nou, aswè a, ke Ou se menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan, paske se nan Non Jezi nou mande sa. Amén.

<sup>201</sup> Jis on moman kounye a. Nou, m—m jis on tijan an reta, men èske nou tout te ka sipòte ase lontan pou fè on ti liy priyè pandan kenz, ven minit? Si nou dakò, leve men nou, pou di: “Nou . . .” Dakò, mèsi—mèsi. M te pwomèt pou kite w ale a nevè trant. Se lè sa li fè kounye a; li nevè karant. Kifè si nou t ap jis ban m apeprè dis minit, m t ap depeche m.

<sup>202</sup> Annou wè, ki kat lapriyè yo te bay jodi a? [On frè di: “O.”—Editè a.] O? Kisa, ki kote nou te kòmanse yèska, nimewo en, nimewo en? [“M kwè se te nimewo en.”] Ya, en-en.

<sup>203</sup> E apre sa yèska, nou, nou jis . . . Sentespri a . . . M t ap tandé jodi a, ap repepe sa k te di a. Kèk nan non Fransè sa yo, m te . . . Sentespri a; sèl fason m te ka fè sa, se te jis rete pou wè.

<sup>204</sup> Ou wè, pafwa lè w gen yon vizyon, yo dwe vire l tounen epi tradwi l. Yo entèprete l. Yon vizyon, se tankou ou ka—ou ka wè yon—yon brebi, sa ka vle di lènn. Ou wè, ou dwe gen tradiksyon an tou, ou wè, epi vire vizyon sa tounen epi entèprete l.

<sup>205</sup> E yèska m te remake, mwen—mwen pat ka pwononse non Fransè sa yo, m te dwe eple yo.

<sup>206</sup> An Afrik epi toupatou kote Abitan lokal ak payen sa yo, ak bagay konsa, Li te eple non yo kòrèkteman, di yo kimoun yo ye, eple l kòrèkteman nan langaj yo. Yo menm, yo te konnen kisa sa te ye, osito ke ou te eple l. Men, ou wè, Li konn tout langaj. Li se Bondye Letènèl.

<sup>207</sup> Annou kòmanse aswè a apati de, annou di, swasann kenz, a san, let O. Se O, èske se sa l te di? Mwen . . . [On frè di: “Wi. O.”—Editè a.] O, O. Ya. Dakò. Kiyès ki gen kat priyè swasann kenz, fè wè li? Lèt O, kat priyè O, swasann kenz, leve men w, moun ki genyen l lan. O. Dakò. Vin drèt bò *isit la*. Swasann kenz, katrevèn, katrevèn senk, katrevèn dis, katrevèn kenz, san, vin sou bò *isit la* si nou vle. Dakò, se, fè liy lan toudwat la, rapid vit, paske nou pa gen tan. M ap jis fè konfyans ke w va fè sa.

<sup>208</sup> Gade kat priyè w la. Gade kat priyè vwazen w lan. Ala yon... E si on moun andikape, deplase yo drèt anwo a la nan liy priyè a. Konsa si yo gen kat ak lèt O, jis tankou O, swasanndis-...

<sup>209</sup> Swasannkenz a san, fè liy lan drèt bò *isit la*, si nou vle. Kèlkeswa kote w ye a, sou balkon yo, plis lòt kote, desann drèt la, epi vin nan liy lan osi vit ke posib, si n vle, konsa pou sove tan.

<sup>210</sup> Bon rès lòt yo isi a, ki pa gen kat priyè, èske n ka leve men nou pou di, “M pa gen kat priyè, Frè Branham, men m kwè”? Leve men nou.

<sup>211</sup> Bon sonje, m pral pale w de Souvren Sakrifikatè a. “Li se Souvren Sakrifikatè ke santiman enfimite nou yo ka touche a.” Li se *Jewova-Jire*, “sakrifis Seyè a te bay la.” Li se *Jewova-Rafa*, “Seyè a ki geri tout maladi w yo.” Èske w kwè sa? [Kongregasyon an di: “Amén.”—Editè a.] Li se *Jewova-Manase*. Yon *pwoteksyon*, yon *boukliye*, lapè nou, Li toujou sa. Ebyen, konbyen moun ki kwè ke tout non redanmsyon sa yo te valab pou Jezi? [“Amèn.”] Sèten, Li te oblige. Si Li—si Li... Enben, yo enseparab, kifè Li te oblige yo tout nèt. E si Li se ankò *Jewova-Jire*, Li se *Jewova Rafa*. Si Li se *Jewova-Jire*... Li se *Jewova-Jire*, Li se “Seyè a ki te founi sakrifis pou sove a,” Alò Li se *Jewova-Rafa* ki “geri tout maladi nou yo.” Amèn. Gerizon ka vini de Bondye sèlman.

<sup>212</sup> Dakò, pandan moun yo t ap fòme liy lan; m pat gen tan wè kimoun e kisa yo ye. Men kounye a, tout sa k la yo ki konsyan ke m pa konnen yo, leve men nou, pou di: “Mwen bezwen Bondye. Men ou pa konnen m, Frè Branham, men m bezwen Bondye. M pral jis leve men m.”

<sup>213</sup> Bon si w te ka jis trankilize w pou kèk minit, obsève, fè atansyon, rete trankil. Bon lè m di “rete trankil,” la... M pa vle di, si Seyè a fè yon bagay, ke w ta vle Louwe Seyè a; sa se adorasyon. Men sa m vle di “se kesyon ap pwonmennen, ap leve,” ou konnen, sa se manke respè. Ou wè? E Sentespri a trè timid, trè timid. Ou wè? Jis on bagay konsa, Li va jis kite m, e lè sa m ap gen pou m retounen ap batay, ankò, ou wè. Men si nou vle tandem!

<sup>214</sup> Nou sonje premye pwomès Li te fè a? “Fè moun yo kwè w, e apre sa vin sensè, anyen p ap reziste devan priyè a.” Nou sonje sa? [Kongregasyon an di: “Amén.”—Editè a.] Se vre. E sa se... M pokò jamn wè l echwe ankò, e li p ap echwe. Se Bondye.

<sup>215</sup> Bon nou pral depeche nou ak liy priyè a, pou nou ka fè pi plis moun posib pase atravè l, pou pwòp benefis yo. Men nou menm ki gen kat priyè ke yo p ap rele aswè a, sere kat ou a, n ap rive sou ou. Dakò.

<sup>216</sup> Bon nou menm laba ki pa gen kat priyè, sonje. Ou pito, nou menm laba, kit ou gen kat priyè ou pa, jis kwè ke Li se tankou nan Ebre chapit 4 la. “Li se Souvren Sakrifikatè ke santiman enfimite nou yo ka touche.” Gade pou wè si L rete... Gade pou

wè si Jewova te reprezante Tèt Li pamí pèp Li, tankou L te fè l nan jou Sodòm yo. Dakò.

<sup>217</sup> Dakò, mesye. Bon annou priye, kounye a, rete vrèman ak respè. Kounye a sonje, yon Pawòl ki vin de Bondye vo plis ke sa yon moun ka di. Bon, nonm sa isi a la, M—m pa konnen l. E m kwè li se . . . Ou se yon etranje pou mwén, pa vre, mesye? [Frè a di: "Wi"—Editè a.] Ou se yon etranje. Nou konn yon sèl bagay, sè ke toulède nou dwe yon jou kanpe nan Prezans Bondye; antan k òm, nou dwe rankontre La. Sa a se premye rankontre nou.

<sup>218</sup> Bon si w vin isi a, si w malad, m pa konnen; sa ka yon lòt bagay, ou wè. Men si mwén—si mwén enpoze w lèmen, pou di: "Louwanj pou Seyè a! Ale, ke w geri." Sa se kòrèk. Ou ka kwè sa. Men sa k ap rive si L di w sa k pa ale avè w? Bon, ou wè, sa se diferan, alò ou konnen sa idantife karakteristik Li. Ou wè, se p ap karakteristik pa m. M se yon nonm; m pa tap konn anyen konsènan li. M fèk sot di l: "M pa konnen w." Li pa konnen m. Men kisa sa t ap fè? Sa t ap idantife karakteristik Jezikri ki se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Konsyan ke sa pa ka mwén, sa pa ka mwén, paske m pa konn nonm lan. M pral leve men m; men Pawòl la. Ou wè? M pa konnen l. Li pa konnen m. Men Karakteristik Jezikri . . .

<sup>219</sup> Si Jezi te kanpe la, epi li menm, li malad, si l te di: "Seyè Jezi, geri mwén," kisa Jezi t ap di l? "M te fè l déjà." Èske se vre? [Kongregasyon an di: "Amèn."—Editè a.]

<sup>220</sup> "Li te blese pou dezobeyisans nou; gras ak blesi Li yo nou te geri." Tout redanmsyon nou te ka janm jwenn te regle sou Kalvè. Depi lè a, se lafwa, se kwè nan travay ki te akonpli a. Èske se vre? [Kongregasyon an di: "Amèn."—Editè a.] Dakò.

<sup>221</sup> Bon, kounye a si Jezi vivan, e m te pale de Pawòl Li . . . Men ni, retounen nan senplisite e nan fwa sa, pou ap kwè Pawòl Li. Lè L te rankontre m nwit sa, Li te di: "Ou va rive nan yon pwen kote ou va menm konnen sekrè ki nan kè yo. Yo p ap kwè premye siy nan men sa, yo va oblige kwè sila a." Ou wè? "Yo pa vle fè sa, alò san va modi tè a."

<sup>222</sup> Jis menm jan sa te fèt lan tan Moyiz la. Li te di: "Si yo pa kwè de siy sa yo, alò vèse san sou tè a," ou wè, "vèse dlo sou tè a, li va chanje an san."

<sup>223</sup> Bon se jis pou dékouvri, si m ka jis wè kisa pwoblèm ou ye, sa va satisfè w epi fè w kwè, èske sa pa pral fè l? [Frè a di: "Sèten."—Editè a.] Ou konnen sa dwe oblige karakteristik Moun ke m ap pale de Li a, Jezikri.

<sup>224</sup> Nonm lan, pandan m te jis ap gade l, deplase ale. Li kouvrí ak yon onb. Pa gen yon bagay ke lamedsin ta ka janm fè pou ede nonm lan. Li nan yon kondisyon ap mourí. Se vre. Li te fè yon operasyon, e operasyon an se te yon operasyon pwostat. E se kansè, e kansè a gaye toupatou atravè tout ou menm. Si se vre, leve men w. Sèl Bondye ki ka geri l. [Frè a reponn: "Alezouya!"

Alelouya! Alelouya!”—Editè a.] Men, gade, m vle di w on bagay, mesye. Demon sa te kache kò l pou kouto doktè a petèt, men li pa ka kache pou Bondye. Èske w kwè sa? Èske w kwè l? [“O! O!”] Alò m priye, ke, nan Non Jezikri, ke bagay la kite l, ke nonm lan viv. Se pa anyen; te jis vin fèb. Se kòrèk.

<sup>225</sup> Ou menm avè m nou etranje youn pou lòt, yon nonm ak yon fanm ki rankontre. Bon, antan k òm, m pa konnen w. E petèt, antan ke fanm, ou pa konnen m; pa plis ke ou jis te wè non mwen, oswa foto m, oswa on bagay konsa. Men nou youn pa konn lòt. Se karaktè nou. Nou pa konn karaktè youn lòt. Men karakteristik Kris, Li se Pawòl la, e Pawòl la te pwomèt pou jou sa. Nou te tande m ap pale de sa. Kifè karakteristik Li va idantifye L isi a. Se pa mwen ki ap idantifye L. M pa konnen w. Ou konprann. Kongregasyon pa nou—pa nou konprann sa? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Ou wè? Mwen se—mwen se yon nonm. M se jis frè ou.

<sup>226</sup> Tankou fanm bò pwi a, ki te di on bagay ki fo, gen yon bagay ki pa ale byen avèk ou, oswa kisa w vle, oswa pou kisa ou vin isi a. Ke Bondye ka jij pou sa. W ap soufri ak yon kondisyon anemi. Se vre, èske se pa sa? [Sè a di: “Wi.”—Editè a.]

<sup>227</sup> M—m tonbe sou sa tout tan, moun ki panse m te devine sa. M pat devine sa. Non. De tanzantan, m santi sa, de on moun. Ou pa ka kache panse w kounye a. Bon, m konnen, gen apeprè de vrè movè doutè ki chita isit la. Ou wè? Kifè sonje kounye a ke m ka site non w, tou, Bondye kapab, kifè sispann panse sa. Kite m montre w.

<sup>228</sup> Gade bò isi a, madam. Gade m. M pa konn kisa Li te di w, men m—m konnen kisa L ye. E se karakteristik Li ki idantifye. Wi, se yon kondisyon anemi, san an, dlo.

<sup>229</sup> Bon, isi a, men on bagay. Gade pou wè si yo panse ke se devinèt. Gen on timoun, ki isi a, ke w ap priye pou li. [Sè a di: “Wi.”—Editè a.] Se vre. Sa rive, nan göj li, [“Ya.”], amidal, pwoblèm göj. L ap prepare pou yon operasyon. Èske se pa vre? [“Wi.”] Pran mouchwa sa mete l sou li, epi kwè. [“Wi.”] Pa doute. Li p ap bezwen yon operasyon. Kounye a kwè ak tout kè w.

<sup>230</sup> Kouman w ye? Pwoblèm lan se, se pou madanm sa la, ou pè konsènan on bagay. Ou pè ke yon mak nesans chanje an kansè. En-en, en-en. Bon al fè wout ou, kwè, e sa p ap rive konsa. Jis al fè wout ou, kwè ak tout kè w. Pa karakteristik, pa m; men pa L!

<sup>231</sup> Èske nou kwè kounye a? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Sa ta dwe fè tout moun kwè. [“Amèn!”]

<sup>232</sup> Bon, m pa konnen w. M se on etranje pou ou. Bondye konnen w. Èske w kwè sa...? Ou konsyan ke m pa konnen w, e ou konsyan ke w pa konnen m, kifè èske w kwè ke Espri sa k ap pale a pa ka espri pa m? Paske, mwen menm, antan k òm, m pa konnen w. Men karakteristik Pawòl ki te pwomèt la se Pawòl ki

pi tranchan pase yon epe de bò, pou disène panse ak entansyon ki nan kè.

<sup>233</sup> Ou malad anpil. Ou gen on pwoblèm famm, ki nan iteris ou, e iteris sa gen kansè. E ou te ale pou w te pran on jan de tretman, se te yon tretman ak radyòm, e sèl bagay sa te fè se te simaye l nèt tout kote nan ou. E ou pral—ou pral mouri si Bondye pa geri w. Se vre. Èske w kwè kounye a ke Li pral geri w? [Sè a di: "Wi."—Editè a.] Ke Bondye ki nan Syèl la reprimande demon sa ki te kache pou dokté pa wè l la. ["O!"] Li ka kache pou radyòm, men pa pou Sentespri a. Al fè wout ou, kwè Li, kounye a, sè. Pa doute ditou, men kwè.

<sup>234</sup> Èske w kwè ke Bondye ka geri kondisyon opresyon sa, pou fè w vin byen? [Frè a di: "Wi."—Editè a.] Ou kwè sa? Alò al fè wout ou, rejwi w, di: "Mèsi, Seyè. M kwè se fini ak opresyon m lan."

<sup>235</sup> Kouman w ye? Ou sou tansyon. Ou gen pwoblèm nè sa sa fè lontan. Anndan w, sa koze yon ilsè lestomak anndan lestomak ou, ki fè ou—ou gen pwoblèm lestomak. E ou vle... Ou ta renmen manje soupe w? Èske w pral fè sa m ap mande w pou fè a? Al manje, Nan Non Jezikri.

<sup>236</sup> Èske w kwè ak tout kè w? [Sè a di: "Wi."—Editè a.] Ou se on jenn dam trè debyen, sa sanble. Èske w kwè mwen se sèvitè Li? ["Amèn."] Èske w kwè ke karakteristik Li kapab isi a, pou... Pawòl la, Li memm, ak pwomès pou jodi a se, "Zèv ke Mwen fè yo ou va fè l tou"? ["Amèn."] M pa ka geri. Li te deja fè sa; men karakteristik Li demontre L, ka di sa k pa ale byen avè w. Ou gen on pwoblèm famm, twoub zafè famm. ["Wi, mesye."] Èske w kwè ke Bondye geri sa kounye a? ["Wi. Amèn."] Al fè wout ou, sa p ap deranje w ankò. Kwè ak tout kè w.

<sup>237</sup> Èske w kwè mwen antan ke sèvitè Li? [Sè a di: "Wi, mesye."—Editè a.] Si Bondye ta di m kisa pwoblèm ou an ye, èske w t ap kwè se karakteristik Jezikri? Se do w. Li pa la ankò. Ale, kwè ak tout kè w. Kwè.

<sup>238</sup> Vini, madanm. Ou gen pwoblèm lestomak tou. Kwè ak tout kè w, epi al manje soupe w. Bliye sa. Jezikri geri w.

<sup>239</sup> Vini. Pwoblèm ou se san w. Ou fè dyabèt. Èske w kwè ke Bondye va rann ou byen pou geri w de sa? Al fè wout ou, epi di: "Mèsi, Seyè Jezi," ki geri w. Ale, kwè ak tout kè w.

<sup>240</sup> Vini. Do w, èske w kwè ke Bondye pral geri do a pou fè w vin byen? Al fè wout ou, epi rejwi w, epi di: "Mèsi, Seyè Jezi."

<sup>241</sup> Ou menm tou ou te gen on bagay ki pa ale byen avèk do w. Jis kontinye avanse, pou ap di: "Mèsi, Seyè. Mwen geri." Kwè sa ak tout kè w.

<sup>242</sup> Ou menm tou ou te gen yon pwoblèm do. Kisa w konnen apwopo de sa? Kwè ak tout kè w kounye a, al fè wout ou e ke w vin byen. Kwè ke Jezikri geri w. "Si w kwè, tout bagay posib." Dakò.

<sup>243</sup> E si m pat di w anyen, jis pase wout ou pou m poze men sou li, ou kwè li t ap geri? Yo te wè sa k pat ale a. Èske w kwè li pral kòrèk? Vin isit. M reprimande demon sa, nan Non Jezikri. Ke pwisans Bondye geri timoun lan. Amèn. Pa doute, pa doute ditou, e li va ale byen. Kwè ak tout kè w.

<sup>244</sup> Si Bondye pa geri w, ou pral sou sivyè nan kèk tan, ak atrit. Men èske w kwè ke Bondye geri atrit ou a? Alò ale, di: "Mèsi, Seyè. M pral kwè W, e Ou geri m." Dakò.

<sup>245</sup> Vini kounye a. Se vrèman laj ou. Ou vrèman sou tansyon. Ou vrèman sou tansyon, leswa ta. Lè w ap travay ak bagay konsa, ou vrèman sou tansyon. Ou kwè kounye a? Alò sa p ap deranje w ankò. Al fè wout ou, ap di: "Mèsi, Seyè Jezi."

<sup>246</sup> Vini, mesye. Èske w kwè ke Bondye geri pwoblèm kè? [Frè a di: "Wi."—Editè a.] Èske sa pral fè kè w ale byen? Jis kontinye ap avanse, pou ap di: "Mèsi, Seyè. Mwen kwè ak tout kè m."

<sup>247</sup> Bondye geri tibèkiloz, e rann ou byen, tou. Èske w kwè sa, mesye, ak tout kè w? [Frè a di: "Mwen kwè sa."—Editè a.] Dakò. Al fè wout ou epi rejwi w, di: "Mèsi, Seyè Jezi."

<sup>248</sup> E ou menm ki laba, èske w kwè? E oditwa a? Kèk nan nou nan oditwa kwè kounye a.

<sup>249</sup> Nonm sa ki chita drèt la, ak bwonchit, èske w kwè ke Bondye pral geri pwoblèm bwonchit la? Dakò, konsa, ou ka resevwa sa ou te mande a. Amèn.

<sup>250</sup> Maladi tansyon, ki chita dirèk dèyè do m la. Èske w kwè ke Bondye pral geri maladi tansyon w lan? Li kite w, mesye. M pa konnen l, m pat janm wè l nan vi m.

<sup>251</sup> Di mwen, mesye, èske w kwè ke tranbleman sa yo nan mis ou yo, mis sou tansyon k ap tranble, èske w kwè ke Bondye pral geri l? Ou kwè? Leve men w si w kwè. Dakò.

<sup>252</sup> Se madanm ou ki chita la, pwoblèm sinizit konn deranje 1. Èske w kwè sa kite w, tou, sè?

<sup>253</sup> Dam sa ki chita drèt dèyè do nou la, gen pwoblèm nevrít. Èske w kwè ke Bondye pral geri pwoblèm nevrít ou a, madam?

<sup>254</sup> Men on dam ak on ti manto, on manto wouj sou li, la. Li chita la. Li gen pwoblèm sinizit, tou. Èske w kwè ke Bondye pral geri pwoblèm sinizit ou a? Leve men w, si w kwè sa.

<sup>255</sup> Nenpòt moun isi a ki kwè ke karakteristik Jezikri yo pami nou, aswè a, leve men w, di: "Mwen kwè sa." [Kongregasyon an ap rejwi epi ap di: "Mwen kwè sa!"—Editè a.]

<sup>256</sup> Tout sa yo anndan la, ki pral aksepte L kòm gerisè, leve kanpe, epi di: "Mwen kwè sa." Leve. Kanpe, leve sou chèz ou, kélkeswa sa l ye a. Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Mwen ba ou li, nan Non Seyè Bondye a.



*BONDYE K AP IDANTIFYE TÈT LI PA KARAKTERISTIK LI YO* CRE64-0320  
(God Identifying Himself By His Characteristics)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle yon vandredi swa, 20 Mas, 1964, nan Denham Springs High School ki nan Denham Springs, Louisiana, Etazini, yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete 1 sou entènèt, ni anpile 1 sou yon lòt fòm, ni tradui 1 nan lòt lang, osinon itilize 1 pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatêt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfèmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)